ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№202 (22.610) • 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygeyale.ru

● Къэрал къулыкъушIапIэхэм

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩIыналъэм бгъэдэлъ мылъкум фейдэ нэхъыбэ къыпахыну яхуигъэуващ

Дызэрыт илъэсым и мазибгъум Налшык кьалэ округым и щIыналъэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуамрэ 2014 гъэм кьуэ кьалэнхэмрэ зтеухуауэ КъБР-м и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен иригъэкIуэкIа зэIушIэм кьрихьэлIащ республикэм и Правительствэм финансхэмкIэ и IэнатIэмрэ Налшык кьалэм и щIыналъэ администрацэмрэ я лэжьакIуэхэр.

АР КЪЫЩЦЭЗIУИХЫМ Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м, апхуэдизу щIыналъэхэм, абыхэм Налшык кьалэри яхэту, тэмэму зэгъэуIуа я бюджетхэр зэман гъунэгъум кьриубыдэу кьыззращтэнур. «Абы и лъэныкъуэкIэ ныкъэнэщхуэ иIэщ бюджетым кьыщыгъэльэгъуа социальнэ кьалэнхэр, псом япэу - кьэралым и Президентым нэгъабэ и накьыгъэ мазэм къыдигъэкIа указхэм кьыщыгъэльэгъуахэр, кьанэ щымыIэу гъэзэщIэным», - кьиГъэльэгъуащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЗэIушIэм зэрыщыжаIамкIэ, дызэрыт илъэсым и яп мазэ 9-м муниципалитетым и бюджетым и хэхъуэхэр сом меларди 2-рэ мелуан 45-рэ (мазибгъу планым и процент 96,8-рэ), хэщIкэр сом меларди 2-рэ мелуан 5-рэ (планым и процент 90) мэхъу. Зэрыщыту кьапщтэмэ, кьалэм и бюджетыр профициту сом мелуан 40 иIэу ягъэзэщIащ.

ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм арэзы кьыззэращIыр кьыхигъэщхьэхукIри, Кьанокъуэ Арсен муниципалитетым и Iэтащхьэхэм гу лъаригъэтащ налогхэр нэхъ нэсу кьыхэхьын, муниципальнэ мылькур кьызэрагъэсэбэпым кьыпхкIуэ фейдэм хэгъэхьуэн зэрыхуейм. КъБР-м и Iэтащхьэм апхуэдэу кьигъэуващ 2014 гъэм кьалэм и бюджетым и проектыр зыхэлъхьэнымкIэ кьалэм пыухыкIахэр.

ЗэIушIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Марьяш Иринэ, республикэм финансхэмкIэ и министр КIэрэф Мурат, Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэгъэс Залымдэрий, аращ и къуэдзэ - Налшык кьалэ округым и щIыналъэ администрацэм финансхэмкIэ и департаментым и унафэщI Кучуковэ Мадинэ сымэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

● Къэрал къулыкъушIапIэхэм

КъанокъуэАрсен: «Спортсменхэр дэ республикэм щыдгъэсэн хуейщ»

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен яIущIащ Урысейм Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ и федерацэм и президент Харитонов Валерий, Iэпщэрыбанэ зауэмкIэ дунейпсо федерацэм и президент Астахов Сергей сымэ, КъБР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ ищIащ спорт зэхъыхьэшхуэ - Iэпщэрыбанэ спортымкIэ къэрал зыбжанэм я дыкIуэхэр зыхэтыну зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщыным КъБР-м зэрызыщыхъуагъэхьэзырым. Азием и чемпионат зэIухар Налшык щекIуэкIынущ щэкIуэгъуэм и 15 - 18-хэм.

ЗэIушIэм щытепсэлъыхьащ а зэхьэзэхуэ иныр кьызэгъэпэщыным пыщIа IуэхухэмэкIэ. ХьэщIэхэм республикэм и унафэщIым фIэщIу я кьыхъэщIащ спортым зегъэужьыным зэпымыуэ и нэIэ зэрыригъэтым папщIэ. «Дэ зэхьэзэхуэр щекIуэкIыну щIыпIэм, ар кьызэрызэрагъэпэщыным щыгъуазэ зытущIащ нкIи псори тэмэму кьэтэтыгъащ»,- жаIащ абы хэм.

Кьанокъуэ Арсен кьыхигъэщхьэхукIащ спортым щIыхь нэхъыбэ кьыхэщэнырэ мы зэманым министерствэм кьыбгъэдэхуэ кьаIэн нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр. «Дэ зэхьэзэхуэ инхэр егъэкIуэкIыным IэкIуэлакIуэкIэ дыхуэхьуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэм спорт утыку инщ, зэми концертыщхуэ-хэр щагъэльагъуэ щIыпIэщ. Си щхьэкIэ сэ апхуэдэ IэмкIыгъэхэр етьэкIуэщIащ. Апхуэдизу жыпIэ хъунущ спортым и дэтхэнэ лIэужьыгъуэми ехьэлIауэ», - кьиГъэльэгъуащ Кьанокъуэ Арсен.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

● Махуэшхуэхэр

Лъэщагъым и дамыгъэ

Ислъам диныи нэхъ игъэльапIэхэм яIыщ Къурмэн хьидым и яп махуэр дунейм муслъымэну тет псоми гъубж кIуам зэдаIэтащ.

НАПШЫК и Мэжджыт нэхъыщхьэм цIыхур щIэзт. Къурмэным и пэ къихуэу нэмэзыр зэдащIыну кьызэхуэса дин лэжьакIуэхэм, муслъымэн кьызэрыгуэкIхэм ехъуэхъуну абы зыкъ-рагъэхьэлIат КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ** цIыхубз хъыбарегъащIэ IэнатIэкIэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдинрэ**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен** Къурмэн хьидым ирихьэлIэу ди республикэм и цIыхухэм зэрызэхуигъэзэам кьеджащ Къудзокъуэ Мухьэмэд. «Ди цIыхубзм я зэхэщIыкIым кьыгуэхыпIэ имыIэу пыщIа, гурыщIэ кьабзэхэм, цIыхур гущIэгъумрэ псапэмрэ зэрахущIэкъум, гуапагъэм, акьылым, захуагъэм я лъэщагъым и дамыгъэу щыт а махуэшхуэр дуней псом тет муслъымэн минищэхэм гъэ къэс ягъэлапIэ», - итщ абы.

КъБР-м и Муслъымэн дин Iэхущапхъэм и унафэщI Дзасэжь Хьэрэтэ-лий кьызэхуэсахэм гуапэу ехъуэхъуащ икIи нэмэз лъапIэр яригъэщIащ.

Къурмэн хьидым и пэ къихуэу нэмэзхэр щащIащ ди республикэм и адрей мэжджытхэми. Абы иужькIэ цIыхухэр кхъэм кIуэри я лIахэм я сыныхэм Iэ дапщэу тхъэ хуелъэIуащ. АдэкIэ къурмэн яукIыну щхьэж и унагъуэ екIуэлIэжащ - Алыхым кьабыл ищI!

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Къэрал Iуэхущапхъэхэм

Бжьыхьэм и тыгъэхэр

Иджыпсту хадэхэкIхэмрэ ихъэщхьэмыщхьэмрэ хъыбархьэлIэж зэманц.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм «Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъыздыкIуэхэмрэ я унэ-интернат» и къэралIэзонэ Iуэхущапхъэм щыпсэухэм я жыг хадэм мыЗрысэхэр кьыщыпачыж. Ар интернатыр къыщыхэзыIуаха 1963 гъэм ягъэтIысауэ щытащ. Иужьрей илъэсхэм хуэм-хуэмурэ хадэр кьагъэщIэрэщIэж. Абыхэм я предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зыщIагъакIуэ.

«Къэббалъкъгаз» ОАО-м и пэжьакIуэхэм гъатхэ КIуам кьыIэрысэ тэ ящIыщIэ 60 хухасащ. Мы гъэм езыхэм зэрахьэщIы Iыхьэм джэшу, бжьыну, жэгундрэ зэрыгуэш кьэкIыжьу кинологрмм 677-рэ кьыщрахьэлIэжащ. Ахэр интернатым щыпсэуэхэм дежкIэ кьэуат зыщIэть ерыскьыгъуэ щIэщыгъуэщ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● ЗэIущIэхэр

Псынщ Iэщ, къэгъэсэбэпыгъуафIэщ

УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм, республикэм Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм, «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам, Къурш геофизикэ институтым, метеорологие, геофизикэ къэхъукъащIэхэм зи лэжьыгъэр пыщIа Кавказ Ищхьэрэ кьулыкъушIапIэм я Iэщ IагъэлIхэр кьрихьэлIэу КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и яп къуэдзэ Уянаев Казым иригъэкIуэкIам зэрыщыжаIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэхъэсырщ уэсукхъуэхэр бгыхэм кьызэрырагъэх ягъэIэнхъуэ комплекс кьыщIэтхьэкIыным, Яп э вице-премьерым кьигъэтхъэгъуащ «Нурсиз ыфаща а Iэмэпсымэр Прикладной химиемкIэ федеральнэ щIэныгъэ-хьэхутакIуэ институтымрэ (Москва кьалэ) «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэ зэIухамрэ я Iэщ IагъэлIхэм зэрагъэхьэзырар.

КОМПЛЕКСЫР ягъэунэхури, дяпэкIэ кьагъэсэбэпыну кьаIытащ, икIи абы тезуауэ республикэм и Правительствэм тхыгъэмкIэ зыхунгъэзащ Урысейм и МЧС-м. Министрым и къуэдзэ Чуприян А. кьигъэхьыжа жэуапым зэритымкIэ, ведомствэм а Iэмэпсымэщ Iэр щIэныгъэ-хьэхутакIуэ институтымрэ «Телемеханика» акционер зэгухьэныгъэм и генеральнэ директор Кьер Аслъэн кьызэхуэсахэм щыгъуазэ ищIащ езыр зи пашэ предприятэм гъэ кьэс ягъэзэпхьэ комплексу 150-м нэс кьызэрыщIигъэкIыфынум. ЯпэкIэ кьагъэсэбэпу щыта топхэм елъытауэ мыр икъукIэ псынщIэщ икIи зехьэгъуафэщ. Килограмм 25-рэ зи хьэтыгъ комплексыр пIэнидзэм итьу зы цIыхум кьрихьэкIыфынущ. Ар бгъэуэн папщIэ щыпIэ хэха кьэпыхьэун хуейкьым, и щэр зы километркIэ мащIэу. Иджыпсту Росгидрометым Iуащхьэмахуэ льапэ «Нурсиз» комплексу тIу кьыщегъэсэбэн.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапхъэ.

● Узыншагъэ

ХьэщIэ щхьэпэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэр кардиологие центрым щекIуэкIащ УФ-м УзыншагъэмкIэ и министерствэм Гу-Льынтхуэ хирургиемкIэ и федеральнэ центру Астрахань кьалэм щыIэм и Iэщ IагъэлIхэр зыхэта зэIушIэ.

АБы ХЬэщIэхэм республикэм и кардиологэр щыгъуазэ я ящIащ и Iэнатlэм щIэуэ кьыщыхъуахэм.

Апхуэдэу конференцым и программэм хэтщ хьэщIэхэр щIыпIэ-щIыпIэхэм лекцэ кьыщеджэнри.

Кьэжьауэр яIущащ КъБР-м узынщагъэр хьуныжьмрэ курортхэмкIэ и министр Шэт Ирмэрэ Кардиологие центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Шэрдан Нодаррэ. Лъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ я зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэн папщIэ дапэкIэ зэфIагъэкIыну я мурадхэм.

ЩОМАХУЭ Лилие.

Дунейм щыкъыбархэр

Мень Михаил токI

А къулыкъум пэрытыну зэрыхуит пIалъэр имыух щIыкIэ езым и лъэIукIэ текIащ Ивановскэ областым и унафэщIу ильэсийкIэ лэжьа Мень Михаил. Абы теухуа унафэм Iэ щIэущIащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ игъэзэщIэну и пщэ ирилъхьащ областым и правительствэм и унафэщIым и яп къуэдзэ Коньков Павел.

Мы мазэм и пэщIэдзэм хъыбарегъащIэ Iуэхущапхъэм кьатауэ щытащ Мень и кьулыкъым текIуэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым кIуэн мрад зэрыгIэр. Областым и лIыкIуэу щыта Пахомов Сергей Советым кьыхэкIыжащ зэпуэгъуэм и 15-м. Мень Михаил абы и пIэм кIуэн мыгъэкIуэнри мыгувэу зэхэкIыну кьыщIэкIынщ.

И къулыкъум щIытекIым и щхьэусыгъуэм журналистхэр щыщIэупщIэм, Мень Михаил жиIащ ар, нэхъыщхьэу, и унагъуэ Iуэхуэхэм кьызэрыхэкIар.

Зэгурыlуэну хуагъэфащэ

Женевэ щекIуэкI зэпсэльэныгъэхэм Ираным кьыщыхильхьащ уранырэ мамырыр мурадхэм кьыхуэгъэсэбэпыным щызэдэлжьыным теухуа жэрдэмыр кьыдаIыгъыну.

ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и советым зэпымыуэу хэт кьэралхэр Великобританиемрэ, Китаймрэ, Урысей Федерацэм, США-м, Франджым, абыхэм нэмыщI Германиемрэ я лIыкIуэхэр кьыхуараджащ Ираным апхуэдэ хуитыныгъэ иратыну.

Ираным нэгъуэщI къэрал IуэхуэхэмкIэ и министр Зариф Мухьэммэд Джавад кьызэрыхигъэщащмкIэ, абыхэм кьыхахьхэр Iыхьищу гуэщащ икIи нэхъыщхьэу зыщIэлъэIур Ислъам республикэр зрагъэуба «вакъэзэвым» кьрагъэкIыжьынырщ, ураным хуиту елэжьрэ ядернэ щIэныпхъэхэр мамыр мурадхэм кьыхуагъэсэбэпыну хуит ящIынырщ. Езым и лъэныкъуэкIэ Ираным кьалэм зыщещIыж, а лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр щыхуейр дыдэ зэманым кьапщытэнырэ кIэлъыплъкIуэхэм япимыубыдыну. Иджы лъэныкъуэкIэ зэгурыIуэну Iэмал яIэу кьалытэ политологхэм, сыту жыпIэмэ Ираным и президентыщI Рухани Хьэсэн щытыкIэр нэхъ хъощIобэным хуэунэтIа лъэбакьуэхэр ичу хуежьащ.

Уэлбанэм и зэранкIэ

Лаосым и къалащхьэ Вьентьян икIыу Паск кьалэм кIуэ кьхъульатэр дыгъуасэ Меконг псым хэхуащ.

КъызэратамкIэ, абы щыху 39-рэ хэкIуэдащ. Ар кьызыхэкIар зэхагъэкI, ауэ зэкIэ зэрыхуагъэфащэкIэ, ар уэлбанэщхуэм и зэранку къыщIэкIынущ.

ПсэущхьэхэР, щIыуэпсыр хъумэным хуэунэтIауэ США-м, Австралиемрэ Новэ Зеландиемрэ, Франджым, апхуэдэуи Европэ союзым Урысей Федерацэм зыкьыхуагъэзащ Антарктикэм заповедникэр кьыщызIуэнхыну. Ахэр икъукIэ сэбэн хъунут мащIэ дыдэу фIэкIа хэзримыкьэлIэж псэущхьэхэр, щIыналъэм и экологиемрэ хъумэмкIэ.

А Iуэхум хуэунэтIауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр кьыхилъхьащ Антарктикэм тенджкIэ псэущхьэхэр щыкьымэнымкIэ дунейпсо комиссэм. Абы хьыхь къэрал 24-мрэ Евросоюзымрэ я мурадщ тхьэмахуэ дызыхуэкIуэм Австралиемэ зэIущIэ щрагъэкIуэкIыну, абы урысей лIыкIуэхэри ирагъэблагъэу зэпсэльыпIэну.

НОБЭ

● Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1993 гъэм гъатхэпэм и 31-м кьыщта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

● Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхьужь, маршал, СССР-м зыхъуэмэныгъэмкIэ и министру щыта **Гречкэ Андрей** кьызэралъхурэ ильэси 110-рэ ирокъу.

● Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыш Хьызыр** и ныбжьыр ильэс 70 ирокъу.

● ТхакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр ильэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 17 - 20, жэщым градуси 8 - 12 щыхьэнущ.

Зыгъэхъэлъэрар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Мариэтэ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Цыхугъэ зиIэм жагъуэгъуи иIэщ.

Сом мелард 18-м щIигъу

Мы гъэм и щIыщылэ-шыщхьэIу мазэхэм цIыхукъэс хуэзэу мэкъумэщхэкIыу кьыщалэжьамкIэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым хьыхь щIыналIыблым я деж ещанэ увыпIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыубыдащ.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм макроэкономикэмкIэ и къудамэм и Iэщ Iагъэлl нэхъыщхьэ Кьер Залинэ кьызэрыджИамкIэ, зи гугъу тщIы зэманым кьрибубыдэу хозяйствэ лIэужьыгъуэу псоми - мэкъумэш Iуэхущапхъэхэм, мэкъумэшыщIэ (фермер) хозяйствхэм, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэм, унагъуэхэм - мэкъумэшхэкIыу сом мелард 18,1-рэ и уасэ, я нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елытауэ процентэ 3-кIэ нэхъыбэ, кьыщалэжьащ.

КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.

Хьэрычэтыщ Iэхэм папщ Iэ

Дзэлыкъуэкъуажэ щаухуэ кьатищу зэтет бизнес-инкубатор. Ар мы гъэм и кIэухым ятыну я мурадщ.

IУЭХУЩапIэщIэм и сэбэнкIэ хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэм хьыхьэнущ цIыхуи 145-рэ, Iэнатlэ ягъэутынущ лэжьакIуэ 500-м нэблагъэм. Абы кьыбгъэдэкIыу бюджетым сом меларди 3,1-рэ Iэрыхьэнущ. Район администрацэм хэкIуэтрэмкIэ, спортымкIэ, туризмэмкIэ, курортхэмрэ щалэгъуэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Тембот Арсен и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, бизнес-инкубаторым и кьалэн нэхъыщхьэр хуэзэщащ Iуэхущапхъэ цIыкIуэхэр кьэзэIуэхьныкIэ цIыхухэм ядэIэпыкъуну.

«КьыхэрэщхьэхукIын хуейщ цIыхухэр хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэм жыджэру хьыхь зэрыхьуар. Псалъэм и хьэтыркIэ, 2012 гъэм хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ я Iэнатlэм кудэкIэ нэхъыбэ пэрытащ 2010 гъэм ельытауэ, - жиIащ Тембот. - Хьэрычэтыщ Iэ лэжьыгъэ мащIэр мы зэманым зыужьауэщ зыхуеину Iэмэпсымэфхэр зыщIэт лъэщапIэ зэпэщхэм. Бизнесым хьыхь цIыхухэм я кьару дэхуэнукъым апхуэдэ Iуэхущапхъэр яухуэну. Псом хуэмыдэу бизнес-инкубаторыр щIэгъэкъуэн хуэхъунущ щIалэгъуалэм».

НыбжьыщIэхэм мыбдеж зыхуеину тхылъхэр щратынущ. Абыхэм кьагъэсэбэп хуэхъунущ Интернетыр. Апхуэдэу нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэ зыкъом щызыщIэнущ.

БЖЬАХЪУЭ-КЪУНАШ Маринетэ.

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

тым. - ХьэрычэтыщIэ лэжьыгъэ мащIэр мы зэманым зыужьауэщ зыхуеину Iэмэпсымэфхэр зыщIэт лъэщапIэ зэпэщхэм. Бизнесым хьыхь цIыхухэм я кьару дэхуэнукъым апхуэдэ Iуэхущапхъэр яухуэну. Псом хуэмыдэу бизнес-инкубаторыр щIэгъэкъуэн хуэхъунущ щIалэгъуалэм».

НыбжьыщIэхэм мыбдеж зыхуеину тхылъхэр щратынущ. Абыхэм кьагъэсэбэп хуэхъунущ Интернетыр. Апхуэдэу нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэ зыкъом щызыщIэнущ.

БЖЬАХЪУЭ-КЪУНАШ Маринетэ.

Дзэлыкъуэ щIыналъэ

Къэбыр ягъэтъапIэ

АДЫГЕЙ. ***ДызыхуэкIуэ щэбэтым «Руфабго» турист Iэнатlэм «Къэбыр и махуэ» щекIуэкIынущ. Ар зыхуэунэтIар лъэпкъ хабзэхэр хьуэныгъэ, щэнхабзэ гъуэгуанэхэр зегъэужьыным, щIыпIэм туризмэм зыщегъуэжьынырщ.***

Адыгеймэ Туризмэмрэ курортхэмкIэ и министерствэр я щIэпхъэкIуэну илъэс етIуанэ хьуауэ ирагъэкIуэкI а Iуэхутъэр. Кьыхэдгъэщынщи, адыгэ лъэпкъым кьэбым щытыкIэ хэха хуиIэщ. Абы кьыхэщыкI лъэпкъ щхьэныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр: кьэб гъэжьа, кьэб шыпс, кьэб гъэва, нэгъуэщIхэри. Къэбыр кьыхощыж хьыбарыжьхэм, псалъэжьхэм, таурыхъэм. Руфабго псыкъелъэм и гупэм деж а махуэм лъэпкъ пщIантIэм зыщиубгъунущ. ХьэщIэхэм фо, шыбжьий, лы зыхэль кьэб щхьэныгъуэхэр зыIуагъэхуэнущ.

Зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и президент Гагуне Геннадийрэ «Опора Россиир хьэрычэтыщIэ мащIэмрэ курытымкIэ урысейпсо жылагъуэ Iуэхущапхъэм и Башкир щIыналъэ къудамэм и коммерческэ унафэщI Николаевэ Ляйсанрэ лэжьыгъэ Iуэхукъэ зэIущащ.***

Лъэныкъуэхэр я фейдэ хэлъу щызэдэлэжьыну унэтIыныгъэхэм тепсэлъыхьащ. «Опора Россиир» Iуэхущапхъэм и унафэщIыр Абхъазым и щIыналъэм ит предприятэхэм щыгъуазэ ящIащ. Езы хьэщIэри абыхэм ящыщ зыбжанэм щыIащ. Нэхъыщхьэу щызэдэлэжьэнуэр ябубыдэуа нэужь, Iуэхущапхъэхэм зэгурыIуэныгъэ зэращIащ.

Куэдрэ зыпэплъащ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Уруп куейм и жылагъуэхэм щыпсэуэхэр куэдрэ зыпэплъа щIыуэпс газыр яIэрыхьащ. Абыхэм я деж ар Iуэхугъуэ гуапэщ.***

Нобэр кьызэдэсым а куейм и зы жылагъуэ газкIэ кьызэгъэпэщауэ щытакъым. КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашид Урысейм и Президент Путин Владимир щыдгъуэзам а гугъуехьым щыгъуазэ ящIащ икIи абы теухуа унафэ пIыукIэ кьэрал унафэщIым ящIащ. Иджы Прерадносэ станицэм котельнэ нэхъыщхьэр щыпапъэнащ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэрал Iуэхущапхъэхэм

Бжьыхьэм и тыгъэхэр

Иджыпсту хадэхэкIхэмрэ ихъэщхьэмыщхьэмрэ хъыбархьэлIэж зэманц.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм «Зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ ныкъыздыкIуэхэмрэ я унэ-интернат» и къэралIэзонэ Iуэхущапхъэм щыпсэуэхэм я жыг хадэм мыЗрысэхэр кьыщыпачыж. Ар интернатыр къыщыхэзыIуаха 1963 гъэм ягъэтIысауэ щытащ. Иужьрей илъэсхэм хуэм-хуэмурэ хадэр кьагъэщIэрэщIэж. Абыхэм я предприятэхэмрэ организацэхэмрэ зыщIагъакIуэ.

«Къэббалъкъгаз» ОАО-м и пэжьакIуэхэм гъатхэ КIуам кьыIэрысэ тэ ящIыщIэ 60 хухасащ. Мы гъэм езыхэм зэрахьэщIы Iыхьэм джэшу, бжьыну, жэгундрэ зэрыгуэш кьэкIыжьу кинологрмм 677-рэ кьыщрахьэлIэжащ. Ахэр интернатым щыпсэуэхэм дежкIэ кьэуат зыщIэть ерыскьыгъуэ щIэщыгъуэщ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Спортым къэрал дзІэпыкъунигъэ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр 2014 гъэм щІыкІэм и 1-м щегъэжьауэ гъуэвын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизым, ахэр зэрат щыкІэм теухуа Положениэ мы Указым щыгъуэ къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хэгъэгъуэн 2014 гъэм, абы къыкІэлытыкІэ илъэсхэм ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щыІэхилъхьэкІэ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа ахъшэ тыгъэхэм ятекІуэдэнрэ къыльытэну.

4. Мы Указым кІуару егъуэт официальнэ къыщыдгъэза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм фокІадэм и 26-м
№143-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм фокІадэм и 26-м кІыдигъэкІа Указ №143-УГ-мкІэ кІыщташ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизым, ахэр зэрыхуагъэуз икІи зэрырат щыкІэм теухуа

ПОЛОЖЕНЭ

1. Мы Положениэм ёубзыху Паралимп, Сурдлимп джэгухэм, дуней псом, Европэм, Урысей Федерацым пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм екъуІэныгъэ инхэр къыхэзыщыхьам папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизыр, ахэр зэрыхуагъэув икІи зэрырат щыкІэм теухуа

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизыр, ахэр зэрыхуагъэув икІи зэрырат щыкІэм теухуа:

гуп нэхъыщхьэм хэтхэм:

Паралимп, Сурдлимп джэгухэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 1000000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 750000-рэ

ещанэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 500000

зэхьэзэхуэм зэрыхэтам папщІэ - сом 250000-рэ ;

дунейпсо чемпионатхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 500000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 400000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 300000;

Европэм и чемпионатхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 300000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 200000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

Урысей Федерацым и чемпионатхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 200000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000;

Урысей Федерацым пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 50000

щІалэгъуалэ гупым хэтхэм:

дуней псом пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 200000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000;

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000;

Урысей Федерацым пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 50000;

ныбжьыщІэ гупым хэтхэм:

дуней псом пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 150000-рэ

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000;

Европэм пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 100000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 50000;

Урысей Федерацым пашэныгъэ къыщыхьыныкІэ зэпеуэхэм:

ягъэ увыпІэмрэ дыщэ медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 70000

етІуанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 50000

ещанэ увыпІэмрэ дыжьын медалымрэ къыззрахьам папщІэ - сом 30000.

3. Хэхауэ бгъэдыхьэу, спортсменым ехъулІэныгъэ егъэлеяхэр зэриІэм къыхэкІыу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и коллегием къыщІэкІыжа икІи иткІэ а министерствэм къагъэхьа тхыгъэм ипкІэ иту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ спортсменым ират хъунущ мы Положениэм и пункт 2-м кІыдыгъэкІа ахъшэ нэхъыбэ.

4. Пэрыт увыпІэу зыбжанэ зыубыдам икІи медаль зыбжанэ къэзыхьам ахъшэ тыгъэхэр ират дэтхэнэ пэрыт увыпІэмрэ, дэтхэнэ медалми папщІэ щхьэхуэ.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменэ Паралимп, Сурдлимп джэгухэм, дунейпсо, европэпсо, урысейпсо зэпеуэхэмрэ чемпионатхэмрэ щытекІуаэхэм, абыхэм увыпІэ пэрытхэр щызыубыдахэр зыгъэхьэзыра тренерхэм ахъшэ тыгъэхэр ират мы Положениэр и пункт 2-м спортсменхэм папщІэ щыгъэзыдахэм я процент 50 хъуэ.

6. Ахъшэ тыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэкІэ хухах Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм ящІэрахьилхьам тету.

7. Ахъшэ тыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахъшэу, ят Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм спорт лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІыныкІэ планыр гъэзэщІыным хухахам щыщу.

8. ЯгъэувА хабзэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм ахъшэ тыгъэхэм зэрыкІуэнрэ къэІуэтэн папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм заявкэ ирет.

9. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортсменэ спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ахъшэ тыгъэхэр зэрыхуагъэувам теухуа хъыбарыр щІыхьэ зэрыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм къытредзэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Спортым къэрал дзІэпыкъунигъэ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и спортмену спортым и паралимп, сурдлимп лІэужьыгъуэхэмкІэ Урысей Федерацым и командэ къыхэхахэм хэтхэмрэ абыхэм я гъэсакІуэхэмрэ ират ахъшэ тыгъэхэр зыхуэдизым, ахэр зэрат щыкІэм теухуа Положениэм мы Указым щыгъуэ къэщтэн.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм хэгъэгъуэн 2014 гъэм, абы къыкІэлытыкІэ илъэсхэм ятещІыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и проектыр щыІэхилъхьэкІэ ищхьэкІэ къыщыгъэлъэгъуа ахъшэ тыгъэхэм ятекІуэдэнрэ къыльытэну.

4. Мы Указым кІуару егъуэт официальнэ къыщыдгъэза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм фокІадэм и 26-м
№143-УГ

КЪАНОКЪУЭ Арсен: «Иджырей жыг хадэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэ мэхъу»

- Мэкъумэщ Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм я деж щыпашэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр куэд ІыдагъэрэкІуэкІ. Ятіэ инвесторхэр дэзэхьыжу сыт хэлъ ди агропромышленнэ комплексым?

- Мы Іэнатіэм псыншІэу зриченыныкІэ псом япэу тегъэщІапІэ нэхъыщхьэ хьуауэ мэкъумэщ хозяйствэм зегъэужьыныкІэ къэрал программэмрэ абы хиубыдэу кьыгІэрыхьэ дэІэпыкъунытІэмрэ. А дэІэпыкъунытІэм гъэ къэс хохьэу икІи ар нэгъабэ сом мелардэ 2,5-м нэсау. Абы кьыдэкІуэу мыхьэнэшхуэ иІэщ лэжьакуэхэр зэрытурикьым. А псомя я фІыгъэкІэ инвесторхэм Іэмал ягъуэт ди деж щылэжьэныкІэ; иужьрей ильэситхум кьриубыдэу КьБР-м и агропромышленнэ комплексым и мыльку нэхъыщхьэм кьыхалъхьа инвестицэхэр сом мелардэ 20,7-рэ мэхъу.

Инвестиц проект инхэр тэмэму гъэзэщІа щохьу Іэщ гъэхьуныжІэ, гьавэ гъэкІыныжІэ Іэнатіэхэм, ерыскьыхьэкІэхэр кьыщІэзэгьэзэкІ, сырьем елэжь промышленностым. Ауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дамыгъэ нэхъыщхьэу кьэльытапхьэр иджырей жыг хадэхэрщ. ИльэситхУм кьриубыдэу республикэм псынщІэу кьызыпыкІэ жыг хадэу гектар минитІым щІигъу щыхасаш икІи а Іуэхумкіэ Урысейм и ягъэ увыпІэр щыдгъыдащ. Сочэ щекІуэжыну зэхьыхьэшхуэм дэщыдгъэльэгъэнущ КьБР-м псынщІэу кьыкъэпыкІэ жыг хадэхэм я кластер щызэхэтегъэуэвэныжкІэ проектыр.

Иджыпсту республикэм щызэтеувадэ жыг хадэхэм зегъэубгъуныжкІэ хэкІыпІэхэр. Гектари 25-м кьыщызэрагъэпэща питомникым Италием и технологиякІэ щызыкІэгъэсэбэп. Абы и фІыгъэкІэ дэпасэу кьызыпыкІэ жыг хадэхэр хэтэн папщІэ гъэ кьэс жыгыщІэу мелуаниищым нэбгырабэ дгъэжьнущ. 2020 гъэм ирихьэлІэу пасэу кьызыпыкІэ жыг хадэхэр гектар мин 15-м нагъэсынущ, аргуэру кьытезгъэзэжынущи, ди деж щызэтрагъэува Іэмалхэр кьагъэзэбэпгъэ икІи и пэм щегъэжьауэ и кІэм нэсыху псори Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщалэжьу.

- Экономикэм и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм ехьэлІауэ сыт хуэдэ проектхэр КьБР-м Сочэ щекІуэжыну экономикэ зэхьыхьэшхуэм щигъэльэгъуэну?

- КьБР-м псынщІэу кьызыпыкІэ жыг хадэхэмкІэ кластер щызэтеувэныжкІэ техуха проектыр кьыдэкІуэу а зэхьыхьэм утыку кьыщитІыхьыжыну турист-рекреацэ тепІъэ зиІэ экономикэ щІыналъэ хэха рекреацІэм кьыщызэгъэпэщыныжкІэ проектри.

Экономикэ щІыналъэ хэхар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципалитет району плым и щІыналъэр кьызэщІиубыдэу зэтрагъэувэ. Ахэр «Іуащхьэмахуэ лъапэ» кьурш-рекреацэ комплексырщ, «Джилы-Су» кьурш рекреацэ комплексырщ, «Бенги» турист-рекреацэ комплексырщ. Мы проектым ипкъ иткІэ дяпэ илъэси 10 - 15-кІэ лэжьапІэ ІэнатіэщІу мин 25-рэ хуэдиз кьызэІуахыну, апхуэдэу республикэм гъэ къэс кьакІуэ туристхэм я бжыгъэр зы мелуаным нагъэсыну я мурадщ.

- Іуащхьэмахуэ лъапэр республикэм и щІыпІэ нэхъ щІэращІэжьым ящыщщ. АтІэ а кІуарт гъуэгуанэм и инфраструктурэм и инфраструктурэм яхуэдизкІэ ирагъэзэжа?

-2008 гъэм щегъэжьауэ «Іуащхьэмахуэ лъапэ» туристрекреацІэ комплексым и инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэхэр ирагъэкІуэдэ «Урысей Ипщэ (2008 - 2013 гъэхэм)» федеральнэ программэм хэхам тету. 2008 - 2012 гъэхэм Іуащхьэмахуэ дэмкІ кІапсэ-рыкІуэ гъуэгуу тІу яукъуэдиящ зыхуэфащэ инфраструктурэ псори щыгъуэу, апхуэдэу псы фІейхэр зэрыщІащ коллектор ящащ, Іуащхьэмахуэ лъапэ кІуэ автомобиль гъуэгуу 6, абыхэм зыхуейр льэмыжу 4 эзрагъэпэщыкащ. Иджыпсту мы щІыналъэр псыр кьызыпу зэманым кьех ятІэпсхэм щыІэзыхьэмэн ухуэныгъэр яух, апхуэдэу Іуащхьэмахуэ лъапэ псы кьабзэкІэ кьызэзыгъэпэщыныжкІэ проектри.

- Фи щІыналъэм туризмэм зэрызыщужьым арэзы укьыщІрэ? Зэман гъунэгъум кьрихьыдэу нэхъ зэгугъупхьэу кьэпльытэгъэ сыт?

- Зэрыгугъуэгъуэщи, арэзы сыкьыщІыркьым. Иджыпсту ди деж тучэтыз кьакІуэхэм я бжыгъэр куэдкІэ нэхъ мащІэщ курорт щІыналъэм щыІэ Іэмалхэм тещІыхьымэ. Абы кьыкьэжІыу дэ лэжьыгъэшхуэ зэфІэдгъэкІын хуэщІ туристхэм Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэжІуэ.

- Иджыпсту дэ нэхъ кьэпІэным хуэунэтІауэ. А мурадыр гъэззэщІныр пыщІащ турист кластер зэтегъэуВэныжкІэ проектым. Мыбдеж хэхауэ щІызгъужьнур зыщ: унафэ пыуухьа кьащтащ экономикэ щІыналъэ хэха псом япэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэтрегъувэн хуейуэ.

- Инвесторхэм папщІэ фи щІыналъэм сыт хуэдэ Іэмалхэр кьыщыдгъэгъэпэщ?

- Республикэм инвестицэхэмкІэ и законодательствэр, ищхьэрэ- льэныкьуэм щыІэ щІыналъэхэр кьаплащэ, нэхъ нэгъэсауэ уБзыхуэхэм ящыщщ икІи абы хэтщ инвесторхэр Іуэхум зэрытрагъэгушуэ кьэралдзИныкьуэхэм зэмылІэужьыгъуэхэр. Абыхэм ящыщщ ди деж зи мылькур щызыгъэлажьэхэм налогхэм я льэныкьуэкІэ яхудэхьыныкІ, къэрал щэсыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Бизнесыр иригъэфІэжІуэ зрагъэпэщ. Ахэр щІыналъэм и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм я лэжьыкІэ мардэр зэрызэтрагъэувэн. Абы ипкъ иткІэ инвестицэ проект псори зы Іуэхущіапіэм щыпхагъэкІыфын хуейщ. А псори кьэпльытэмэ, жыпІэ хьунущ инвесторхэр дэзэхьхьэн щытыкІэ тэмэм КьБР-м мы зэманым щызэтеувааэ.

- Псэуныгъэр. Ар егъэфІэкІуэныр кьыгуэкІыпІэ ямыІэу пыщІащ щІыналъэм и экономикэм зэрызиужьынум. АтІэ социальнэ политикэр пхыгъэкІыныжкІэ уэ сыт хуэдэ мурадхэр уиІэ?

- Иджыпсту дэ нэхъ кьэпІэным хуэунэтІауэ. А мурадыр гъэззэщІныр пыщІащ турист кластер зэтегъэуВэныжкІэ проектым. Мыбдеж хэхауэ щІызгъужьнур зыщ: унафэ пыуухьа кьащтащ экономикэ щІыналъэ хэха псом япэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щызэтрегъувэн хуейуэ.

- Инвесторхэм папщІэ фи щІыналъэм сыт хуэдэ Іэмалхэр кьыщыдгъэгъэпэщ?

